# JAS SHAŃARAQTA RUWXIY SALAMATLIQTI QÁLIPLESTIRIW HÁM JASLARDI SHAŃARAQ TURMISINA TAYARLAW

**Turemuratova Aziza Begibaevna**
Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti assistenti.
*azizaturemuratova85@gmail.com*
**Yuldashova Yulduzxon Zafar qizi**
Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.
**Abdimuratova Zamira Jangabay qizi**
Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.
*https://doi.org/10.5281/zenodo.18092661*

***Annotatsiya.*** *Bul Izertlew jaslardı shańaraqlıq turmısqa tayarlaw, olarǵa shańaraqtıń muqaddes ekenligin túsindiriw hám ata-ana bolıwǵa tayarlawda psixologiyalıq treninglerdiń áhmiyeti haqqında maǵlıwmatlar keltirip ótiledi. Jaslardı shańaraq turmısına tayarlawda olardıń turmısqa bolǵan kózqarası, ruwxıy rawajlanıwı hám salamatlıǵı úlken áhmiyetke iye. Elimizde jas shańaraqlarǵa júdá kóplegen imkaniyatlar jaratıp berilgen. Shańaraq jámiyettiń ajıralmas bólegi esaplanıp, shańaraqlıq kelispewshiliklerdiń aldın alıw hám jas shańaraqlarda payda bolǵan mashqalalı jaǵdaylardı saplastırıwda psixologiyalıq treninglerdi shólkemlestiriw maqsetke muwapıq dep esaplaymız.*

***Gilt sózler***: *Shańaraq, ruwxiy rawajlanıw, psixologiyalıq izertlewler, ómirlik tájiriybe, psixologiyalıq diagnostika, psixologiyalıq mashqalalar, shańaraq psixologiyası.*

## Kirisiw

Ózbekstan Respublikasında jas shańaraqlarǵa qaratılǵan itibar ózine tán bolǵan ústin ózgesheliklerden kelip shıqqan halda olardıń turmıs tárizin jaqsılaw, milliy qádiriyatlar dárejesine kóterilgen shańaraqlıq dástúrlerdiń mánisin túsindiriw olarǵa psixologiyalıq tásir kórsetiwshi tárepleriniń ilimiy táreplerin ashıwǵa baǵdarlanǵan bul psixologiyalıq izertlew respublikamızda ǵárezsizlik jıllarında shańaraqtı sociallıq jaqtan qorǵaw, ata-analarǵa berilgen jeńillikler júdá joqarı dárejede bahalanbaqta.

Elimizde jas shańaraqlar hám bala tárbiyası ushın jaratılǵan imkaniyatlar hám olardıń kámil insan tárbiyasına unamlı tásir kórsetiwshi faktorların inabatqa alǵan halda bar bolǵan psixologiyalıq mashqalalar sheńberinde shańaraǵınıń keleshegi, jas shańaraǵınıń rawajlanıw tendenciyaların belgileydi. Kóplegen ilimpazlardıń atap ótiwinshe, jas shańaraqtıń bekkemlenip barıwı, mashqalalı jaǵdaylar kelip shıqqan halda ayaqqa turıp ketiwi, túrli turmıslıq mashqalalardı ózi erkin sheshiwi ushın zárúr bolǵan múddet tiykarında nekelenip atırǵan eki shaxstıń bir-birine bolǵan shın kewilden múnásibetine baylanıslı boladı.

Shańaraq hám onıń átirapındaǵı hár qıylı qádiriyatlarǵa degen úylesimli kózqaraslarına, ata-ana shańaraǵında úlgi sıpatında kórgen-keshirgenlerin óz shańaraǵında qollay alıw sheberligine tikkeley baylanıslı. Biraq báribir hár bir shańaraq áyne jaslıq dáwirinde belgili bir qıyınshılıqlardı basınan keshiredi, bul mashqalalardıń kelip shıǵıw sebepleri tómendegi jaǵdaylarǵa baylanıslı kórinisi múmkin: Jas shańaraqlarda turmıstan keyin shańaraq turmısınıń bir qálipte ótiwin támiyinlew, jumıs islew, oqıw yamasa basqa máselelerdi sheshiw ushın waqıttıń jetispewi sıyaqlı jaǵdaylardıń baqlanıwı tábiyǵıy jaǵday.

Aqırǵı jaǵday bir tárepten, házirgi waqıtta jaslardaǵı arzıw-nietlerdiń kóbeyip ketiwi menen túsindirilip atırǵan bolsa, ekinshi tárepten, ata-analardıń arzıw-nietleri, barıs-kelis penen baylanıslı qárejetlerdiń artıp barıwı menen tıǵız baylanıslı. Ózbekstan Respublikasında kúnnen-kúnge turmıs hám jasaw sharayatımız jaqsılanıp, shańaraq abadanlıǵı ushın jeterli sharayatlardıń bar ekenligine qaramastan, sırttan barlıq turmıslıq mashqalaları sheshilgen jas shańaraqta da bir nárseler jetispey atırǵanday sezile beredi. Bul - sol arzıw-nietler, sociallıq talaplardıń barǵan sayın artıp baratırǵanlıǵı menen túsindiriledi.

Álbette, bunday ázeliy úrp-ádettiń tiykarında jatqan áhmiyetli sebepler bolıp, birinshisi, jańa ortalıqqa túsip qalǵan qız bul jerdegi ıssı-suwıqqa tez kónlige almawı, awqat jewde keskin ózgeris bolmawı ushın kónligkenshe, bir neshe kún óz úyinen awqat jiberiw hám sol arqalı onı "jubatıw" bolsa, ekinshi mánisi - ata-ana qızın umıtpaǵanlıǵın, elege shekem oǵan mehirli qatnasta ekenligin bildiriw bolıp tabıladı. Bunday shańaraqlıq qatnasıqlardıń saqlanıwı belgili dárejede biziń házirgi sharayatımızda da ózin aqlaydı. Sebebi házir kópshilik analar shańaraq jumısınan tısqarı mámleketlik hám jámiyetlik mákemelerde xızmet etedi.

Olar ushın bunday táshwishler artıqsha, ekinshiden, qızlar burıńǵıday júdá erte turmısqa shıqpaytuǵın hám oqıw, jumıs bánesinde túrli awqatlardı jewge jaslıǵınan úyrengen jaǵdayda olardıń asqazanları jańa shańaraqta da birdey isley beredi. Yaǵnıy, jas shańaraqtıń bekkemligine zıyan keltiretuǵın faktorlardan biri esaplanǵan artıqsha áweregershilikler, saltanatlı túsliklerdiń ekinshi shańaraqqa jiberiliwi búgingi rawajlanıw basqıshında biraz uzaqlasıwı tábiyǵıy seziledi.

Shańaraǵında mashqalası bolǵan balalar arasında alıp barılatuǵın korrekciyalıq dúzetiwge baylanıslı ilajlar da psixologiyalıq diagnostikalıq ámeliyat penen birgelikte ámelge asırıladı.

Bunda psixologiyalıq diagnostika arqalı anıqlanǵan minez-qulıqtan sheginiw jaǵdayları balanıń jası, shańaraqlıq sharayatı, qızıǵıwshılıǵı hám qábileti esapqa alınǵan jaǵdayda tájiriybeli ámeliyachı shańaraq psixologları tárepinen ámelge asırıladı. Bunda tikkeley balanıń sanası hám pikirlew usılına tásir kórsetiledi, sonıń ushın bunday ilajlar mektepke shekemgi jastaǵı balalar arasında ótkeriledi.

Ata-analar menen psixologiyalıq-pedagogikalıq profilaktika jumısları shańaraqta er yaki hayal tárepinen bir-birine qarata orınsız, ayawsız qatnasıqlar júz bergende ámelge asırıladı. Sonıń ushın ámeliyachı psixologlar eń dáslep erli-zayıplılardıń qaysı biri kóbirek ayıplı hám qaysısınıń insanıylıq qádiri hám huqıqları ayaq astı etilgenin anıqlawı zárúr boladı. S.Kovalevtiń pikirinshe, dawlasıwshı erli-zayıplılardıń dáslepki qatnasıqta psixologqa bergen maǵlıwmatları hár dayım haqiyqiy, obyektiv bola bermeydi. Psixolog xızmetinen paydalanıwdı qálegen shaxstıń ózi mashqalanı anıq nede ekenligin bayan ete almaydı.

Ózbekstan sharayatında da endi keń kólemde jazılıp atırǵan jeke menshik hám mámleketlik mákemeler usınıs etip atırǵan "Shańaraq sabaqları," "Sociallıq psixologiyalıq treningler" áyne erli-zayıplılardı ata-analıqqa hám óz-ara qatnasıqlardıń túrli táreplerine itibar qaratılǵan.

Respublikalıq "Shańaraq" ilimiy-ámeliy orayı tárepinen máhállelerde shólkemlestirilip atırǵan "Ata-analar universitetleri"niń tiykarǵı maqseti hám baǵdarı da áne usınday mashqalalardı orınlarda, shańaraq ortalıǵında sheshiwge úlkenlerdi hám jaslardı úyretiw, olarda salamat múnásibetler psixologiyasın qáliplestiriwge qaratılǵanı menen áhmiyetli bolıp esaplanadı.

Úlkenlerge húrmet, óz-ara birge islesiw, perzentlerdiń tágdiri hám keleshegi ushın qaygırıw, olarǵa ǵamxorlıq etiw bárqulla shańaraqlıq qádiriyatlardıń hám milliy úrp-ádetlerimizdiń tiykargı qaǵıydaları bolıp kelgen. Ǵárezsizlik jıllarında shańaraq qádiriyatları hám tuwısqanlıq qatnasıqlarınıń qayta tikleniwi hár bir shańaraqtıń ekonomikalıq, mádeniy hám kásiplik jaqtan erkin bolıw imkaniyatın jarattı.

Yaǵnıy, ǵárezsizliktiń hár bir shańaraq ǵárezsiz mámleket ishindegi ǵárezsiz "jámiyet, mámleket" sıpatında erkin jumısı, shańaraqlıq biznesti rawajlandırıw, óz aǵzalarınıń barlıq pazıyletleri anıǵıraq kóriniwine qaratılǵan sheksiz imkaniyatları sebepli ózbek xalqınıń túrli jumıs tarawlarındaǵı talantı arttı. Onıń túp mánisi sonda, mámleket hám jámiyet tolıq shańaraqlardıń imkaniyat dárejesinde kóp bolıwınan, onda áwladlar aralıq miyrasxorlıq, shejirelerdiń dawamlılıǵı, jaslardıń shańaraq hám nekeni qádiriyat sıpatında tán alıwınan jurt tınıshlıǵı, watan rawajlanıwı hám xalıq abadanlıǵı támiyinlenetuǵınına isenimin bildiredi.

Ǵárezsizlik jıllarında Ózbekstanda shańaraq institutın ámelde bekkemlew baǵdarında kóplegen unamlı jumıslar ámelge asırılǵanın atap ótiw orınlı. Bárinen burın, shańaraq hám neke qatnasıqların jetilistiriwdiń nızamshılıq bazası jaratıldı. 1998-jılı qabıl etilgen "Shańaraq kodeksi"nde bul qatnasıqlardıń barlıq tarawları reglamentlestirilgen. Milliy ideyanı shańaraq ortalıǵında balanıń sanasına, qálbine sińdiriwdiń áhmiyetli quralı - bul shańaraqlıq qádiriyatlardı saqlaw hám aldıńǵı shańaraqlıq dástúrlerdi kúndelikli tárbiya sistemasına tiykarlanǵan halda engiziw, turmıs táriziniń bir bólegine aylandırıwdan ibarat. Bunda ata-ananıń ornı hám roli tikkeley xarakterge iye bolıp, tek ǵana salamat qarım-qatnas hám shın kewillik ortalıǵı óspirimniń dúnyaǵa kózqarasınıń qáliplesiwine unamlı tásir kórsetedi.

**Juwmaq**

Jas shańaraqtıń turmıs tárizin úyrenip shıǵıp, shańaraqta sociallıq institut sıpatında óziniń barlıq wazıypaların orınlaǵan jaǵdayda ǵana ideologiyalıq tárbiyanıń kepillikli oshaǵına aylanatuǵınının atap ótiw kerek. Hár bir shańaraqtıń muqaddes wazıypası - qábiletli perzentlerdi ósiriw, olardı fizikalıq, intellektuallıq hám ruwxıy jaqtan jetik etip, ata-anasına, watanına sadıq perzentler etip tárbiyalaw tiykarǵı maqset esaplanadı. Yaǵnıy, shańaraqlıq turmıs tárizin jaqsılawda belsendi bolǵan jas ata-analar hám ruwxıy, hám fizikalıq jaqtan salamat, bárkamal insan tek ǵana salamat shańaraqta qáliplesiwi múmkin. Shańaraqtaǵı salamat ortalıqtı támiyinlew hám turaqlılıq bolsa bir pútin jámiyettiń ruwxıy jetilisiwiniń tiykarı esaplanadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Turemuratova, Aziza, Rita Kurbanova, and Barno Saidboyeva. "EDUCATIONAL TRADITIONS IN SHAPING THE WORLDVIEW OF YOUNG PEOPLE IN FOLK PEDAGOGY." Modern Science and Research 2.10 (2023): 318-322.
2. Kurbanova, R. J., and B. E. Saidboeva. "MAKTAB VA OILADA ESTETIK TARBIYANI SHAKLLANTIRISH JARAYONIDA O'QUVCHILARNING AKSIOLOGIK DUNYOQARASHINI RIVOJLANTIRISH." Inter education & global study 9 (2024): 114-121.
3. Aziza, Turemuratova. "KONFLIKT VA UNING KELIB CHIQISH SABABLARI." Новости образования: исследование в XXI веке 3.32 (2025): 465-467.
4. Turemuratova, A. "Har bir xalqning o'z qadriyati bor." (2021).

5. Turemuratova, Aziza, Dilafruz Saparniyazova, and Aynura Tajimuratova. "PSIXOLOG-TRENERNING KASBIY KO ‘NIKMALAR HAQIDA UMUMIY MA’LUMOTLAR." Modern Science and Research 4.4 (2025): 234-238.
6. Turemuratova, Aziza, Muqaddas Abdullayeva, and Ro'zahon Kutimova. "PSIXOLOGIYADA TARBIYA QONUNLARINING ASOSIY TUSHUNCHALARI HAQIDA MA’LUMOTLAR." Modern Science and Research 4.4 (2025): 220-223.
7. Turemuratova, Aziza, et al. "PSIXODRAMA TUSHUNCHASI HAQIDA UMUMIY MA’LUMOTLAR." Modern Science and Research 4.4 (2025): 1186-1192.
8. Turemuratova, Aziza, Kutlıbıke Abdurasulıyeva, and Gu'lnur Musayeva. "GENERAL INFORMATION AND PSYCHOLOGICAL ANALYSIS OF FAIRY TALE THERAPY." Modern Science and Research 4.4 (2025): 1205-1210.
9. Turemuratova, Aziza, Lazzat Jubatqanova, and Nasiba Joldasbaeva. "PSIXOTERAPIVTIK TOVARLAR BILAN ISHLASHNING ASOSIY QOIDALARI HAQIDA UMUMIY MA’LUMOTLAR." Modern Science and Research 4.4 (2025): 251-254.